


Prevansyon Krim epi Konsèy pou Entèvanyon

pou biznis ou ak anplwaye ou yo



Kenbe fenèt yo lib epi se pou yo fenèt ki rezistan ki p ap fè miyèt mòso

- Kite fenèt yo san ansèy, publisite, epi san gwo bagay ki kouvri yo. Vizibilite ede lapolis entèvni pi rapid nan ijans yo.
- Kenbe limyè andedan yo limen pandan lannwit pou publik la ak lapolis ka wè fasilman aktivite sisplèk k ap dewoule andedan.
- Pou ajoute sekirite san bloke vizibilite a, enstale griyaj sekirite transparan, epi enstale fim sou fenèt yo ki rezistan ki p ap fè miyèt mòso.



Kenbe lajan kach nan yon minimòm

- Aksepte peman avèk kat epi ak smatfòn pou limite kantite lajan kach ki sou plas.
- Fè depo labank souvan men pa òganize yon modèl abitid vòlè yo ta ka swiv.
- Si pi gwo sòm lajan kach dwe rete sou plas, depoze lajan kach souvan kote publik la pa wè nan yon kòfrefò an sekirite kwonometre ki sitiye nan yon kote ki an sekirite epi ki siveye.



Pwoteje deyò biznis lan

- Kenbe devan ak dèyè biznis ou byen limen toutan.
- Make klèman non ak adrès ri biznis la sou devan ak dèyè bilding ou an pou lapolis ka entèvni pi rapid nan ka dijans.
- Pwogram Amelyorasyon Vitrin Magazen an ka ede kouvri depans kalifye yo pou fenèt, limyè, griyaj sekirite ak plis toujou. Eskane kòd QR ki anba a pou plis enfòmasyon.



Kamera sekirite yo

- Enstale epi kenbe yon sistèm kamera sekirite kalite siperyè ki kouvri konplètman andedan ak deyò biznis ou.
- Kenbe ekipman anrejistreman an nan yon kote ki an sekirite.
- Pwogram Kamera Sekirite Biznis la ka ede kouvri depans kalifye yo pou yon sistèm kamera. Jwenn plis enfòmasyon sou paj annapre a oswa eskane kòd QR ki anba a.



Repons pou vòl

- Si y ap vòlè w, rete kalm, kolabore, epi pa reziste. Byennèt ou ak sekirite anplwaye ak kliyan w yo pi empòtan pase kélkeswa pèt.
- Eseye sonje detay osijè vòlè a epi nan ki direksyon li te sove.
- Lè li vin an sekirite pou fè sa, fèmen pòt ou epi rele 911. Bay lapolis tout videoyo kamera a, yon lis pèt yo, ak enfòmasyon yo mande yo.

Entèvansyon pou si yo kase biznis ou

- Si yo kase biznis ou, rele 911 imedyatman. Pa antre nan bilding lan san yon ajan lapolis paske vòlè a gendwa andedan toujou. Pa manyen anyen paske ou ka deranje prèv ki ka genyen yo.
- Bay lapolis tout videoyo kamera a, yon lis pèt yo, ak enfòmasyon yo mande yo.
- Mete an sekirite tout pwen dantre ki andomaje yo oswa zòn frajil yo epi chanje lòk kle yo.



Eskane kòd QR lan pou plis prevansyon krim epi konsèy pou entèvansyon ansanm ak liyèn ki mennen nan resous pou biznis yo.

phila.gov/business/crime-prevention-tips



Department of
Commerce
CITY OF PHILADELPHIA

Resous pou Biznis yo

pou ede kenbe oumenm ak anplwaye w yo an sekirite



Pwogram Kamera Sekirite Biznis

Pwogram Kamera Sekirite Biznis la ankouraje biznis yo enstale kamera deyò sou pwopriyete komèsyal yo a. Patisipan yo ka resevwa jiska 75 pouzan nan depans total ki kalifye pou yon sistèm kamera sekirite, rive jiska \$3,000.



Eskane kòd QR lan pou konnen kalifikasyon pou pwogram lan, machaswiv yo, epi aplikasyon sou entènèt la. Patisipan yo dwe aplike pou pwogram lan anvan yo fè kèlkeswa enstalasyon. phila.gov/programs/business-security-camera-program



Pwogram SafeCam

SafeCam pèmèt biznis yo enskri kamera yo nan Depatman Lapolis Filadèlfia an (Philadelphia Police Department, PPD) pou ede nan envestigasyon yo. Biznis la pa oblige bay videoyo si yo mande l epi PPDpa janm gen aksè a distans pou wè okenn videoyo andirèk oswa videoyo ki estoke.



Eskane kòd QR lan pou enskri kamera w jodi a menm! safecam.phillypolice.com



Evalyasyon Sekirite Biznis

Depatman Lapolis Filadèlfia an bay Evalyasyon Sekirite Biznis gratis pou ede biznis yo konprann risk pou sekirite yo epi ofri yo konsèy sou sekirite. Sèvis sa a disponib nan distri PPD lokal biznis lan.



Eskane Kòd QR lan pou jwenn distri lapolis lokal ou. Rele epi mande pou w pale avèk Ajan Relasyon Kominotè a epi mande yon Evalyasyon Sekirite Biznis. phillypolice.com/districts



ReadyPhiladelphia

Eskane Kòd QR lan pou jwenn distri lapolis lokal ou. Rele epi mande pou w pale avèk Ajan Relasyon Kominotè a epi mande yon Evalyasyon Sekirite Biznis.

Pou enskri, tèks ReadyPhila nan 888-777



Swen ki teni kont de chòk pase

Sèvis yo disponib pou moun ak kominote ki gen detrès anrapò avèk krim ak vyolans.

Vizite HealthyMindsPhilly.org oswa rele Liy Filadèlfia pou Sitiyasyon Kriz la nan 988.



Eskane kòd QR lan pou plis prevansyon krim epi konsèy pou entèvansyon ansanm ak lyen ki mennen nan resous pou biznis yo.

phila.gov/business/crime-prevention-tips



Department of
Commerce
CITY OF PHILADELPHIA